# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेसवासियन के भरोसा दिहले हवें कि प्रदेस क सज्जो बंधा पुरहर तरीका से सुरक्षित हौ। बाढ़ि से बचाव क समय से पहिलहीं तइयारी के नाते अइसन सम्भव हो सकल हौ। मुख्यमंत्री आजु गोरखपुर में मलौनी बंधा क निरीक्षण कइले के बाद मौजूद लोगिन के सम्बोधित करत रहलें। उहां के बतवलीं कि बाढ़ि से बचाव क कार पनरह जुलाई ले हर हालि में पूरा कइले क निरदेस दीहल गइल रहे। श्री योगी कहलें कि प्रदेस सरकार बाढ़ि से जनधन क हानि सुन्न करे बदे प्रतिबद्ध हौ। उहां के अधिकारियन से कहलीं कि ऊ तटबंधन पर लगतारे नजरि रक्खें। जनता के कउनों तरह क परसानी न हो, ई सुनिस्चित करें। श्री योगी नागरिकन से कतहूं जलभराव न होखे देवे क अपीलि कइलें। येह मौका पर प्रदेस सरकार क जलसक्ति मंत्री स्वतंत्रदेव सिंहो मौजूद रहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि आजु क समय तकनीक क समय हौ। समइये के हिसाबि से उन्नत तकनीक के ले के आगे बढ़े के होई। एकरे बदे नौजवानन के नया दौर क तकनीकी पाठ्यक्रमन क सिक्षा देवे के होई। मुख्यमंत्री आजु सहजनवां के हरदी में राजकीय पॉलिटेक्निक के भवन क उद्घाटन करे बदे आयोजित समारोह में मौजूद लोगिन के सम्बोधित करत रहलें। उहां के कहलीं कि आजु कुछु नौजवान ऑनलाइन फरजी कम्पनियन के लालचि में फंसि के आपन धन अउर समय दुन्नो खराब कइ रहल हवें, उन्हें एहसे बचे के होई। साइबर सिक्योरिटी के एगो बड़हन मुद्दा बतावत श्री योगी कहलें कि एकरे बदे डिगिरी चाहे डिप्लोमा पाठ्यक्रम चला के प्रसिक्षित नौजवानन के तइयार करे के होई। साइबर सिक्योरिटी में प्रसिक्षित नौजवान साइबर से सम्बन्धित अलगि–अलगि कार्यन में आपन जोगदान दे सकिहें अउर एकरे जरिया से रोजिगारो पा सकिहें। मुख्यमंत्री कहलें कि रोजिगार प्राप्त नौजवान अपने समृद्धि के साथे–साथे देस अउर प्रदेस के समृद्धियो में जोगदान देई।

**********

कांवड़ यात्रा के तइयारियन क जायजा लेवे आजु प्रदेस क मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह अउर पुलिस महानिरीक्षक प्रशान्त कुमार मेरठ पहुंचलें। ओहां उहां के आसपास के चारि राज्यन के अधिकारियन के साथे बइठकी कइलीं। बइठकी के दौरान ई फैसिला लिहल गइल कि येह बेरि क कांवड़ यात्रा देस भक्ति पर केन्द्रित होई। कांवड़ियन के हाथे में तिरंगा झंडो देखाई देई। पुलिस महानिदेसक बतवलें कि हमेसा के तरियन येहू बेरि हेलीकॉप्टर से फूल बरसा के कांवड़ियन क स्वागत कइल जाई, सथहीं उनके पुरहर सुरक्षा सुनिस्चित कइल जाई। मुख्य सचिव अधिकारियन के निरदेस दिहलें कि यात्रा के तइयारियन में कमी के जल्दी से जल्दी दूर कइ लिहल जाव। उहां के कहलीं कि ओह मुद्दन पर काम कइल जाव, जेकरे नाते पहिले हादसा हो चुकल हौ।

**********

भारत संचार निगम लिमिटेड उत्तर प्रदेश के पूरबी परिमण्डल क नया महाप्रबंधक महेश चन्द्र सिंह कहले हवें कि अगिला तीनि महिन्ना में बीएसएनएल सज्जो प्रदेस में आपन फोर–जी नेटवर्क सेवा क सम्पूर्ण बिस्तार कइ लेई। उहां के बतवलीं कि एकरे बदे पूरबी उत्तर प्रदेस में फोर–जी क बासठ सौ उपकरण अउर पांच सौ पचास नया टॉवर लगावल जा रहल हौ। सुल्तापुर में संवाददाता लोगिन से बतियावत मुख्य महाप्रबंधक श्री सिंह ईहो बतवलें कि फोर–जी नेटवर्क क सम्पूर्ण सेवा बिसतार के बाद जुरते फाइव–जी नेटवर्क क सुभारम्भो कइ दिहल जाई।

**********

नीट–पीजी प्रवेस परीक्षा दुइ हजार चउबीस अगिला महिन्ना के इग्यारह तारीख के दुइ पालियन में आयोजित कइल जाई। आयुर्विज्ञान में राष्ट्रीय परीक्षा बोर्ड परीक्षा क संसोधित कार्यक्रम जारी कइ दिहले हौ। येह परीक्षा के पछिला महिन्ना परीक्षा के तय तिथि से एक दिन पहिले स्थगित कइ दीहल गइल रहे। ई फैसिला कुछु प्रतियोगी परीक्षा में पारदरसिता के ले के लागल आरोपन के धियान में रक्खल लिहल गइल रहल।

**********

गोरखपुर के महायोगी गोरखनाथ विश्वविद्यालय में अब एमबीबीएसो क पढ़ाई होई। नेशनल मेडिकल काउंसिल, विश्वविद्यालय में पचास सीटि पर एमबीबीएस के पढ़ाई क मान्यता दे दिहले हवे। पाठ्यक्रम येही सत्र में सुरू कइ दिहल जाई। प्रवेस प्रक्रिया नीट काउंसिलिंग के जरिया से पूरा करावल जाई।

**********

पूरबी उत्तर प्रदेस के करीब सज्जो जिलन में बीतल चारि दिन से आसमान में बदरी छवले हौ अउर रूकि–रूकि के गरज–चमकि के साथे बरखा हो रहल हौ। ढेरि बरखा के नाते कई जिलन में जलभराव क हालति बनि रहल हौ। ओहर, मौसम विभाग अगिला दुइ–तीनि दिन ले बादर छवले रहले अउर रूकि–रूकि के बरखा होत रहले क पूर्वानुमान जतवले हौ। मौसम विभाग बलरामपुर, श्रावस्ती, बहराइच, सीतापुर, लखीमपुर खीरी, शाजहांपुर, पीलीभीत, बरेली अउर रामपुर में भारी बरखा क ऑरेंज अलर्ट जारी कइले हवे।

**********